

# Egzanp Metòd ak Zouti

## Pou Sansibilizasyon ak Angajman

Aktivite Angajman yo	Kilè li ta ka pi itil?
<p><b>Dine kominotè</b> – Òganize yon dine kominotè nan yon espas kominotè oswa nan yon biznis lokal pou diskite sou yon sijè espesifik pandan moun ap pataje yon repa ansanm. Itilize opòtinite manje sa a pou li reflekte preferans kiltirèl ak pratik manm kominote k ap patisipe yo. Oswa, ou ka konsidere yon dine mobil lè w pote yon kamyon manje nan yon espas piblik, yon evènman espòtif pou jèn, oswa lòt aktivite, kòm yon fason pou pale ak rezidan yo pandan n ap rasanble kote ki gen manje.</p>	<p>Etap 5: Dekouvri Rezilyans Sosyal Etap 6: Revize Priyorite Rezistans Etap 7: Chwazi yon Pwojè Semans Etap 8/9: Kòm pati nan yon Pwojè Semans Sibvansyon Aksyon Alavni</p>
<p><b>Rakonte istwa oswa pwezi oral</b> - Òganize yon evènman, oswa kolabore ak yon patenè kominotè pou òganize yon evènman ki santre sou rakonte istwa oswa pwezi aloral. Mande manm kominote yo pou pataje istwa yo sou evènman espesifik, epi idantifye leson, eksperyans, ak emosyon ki soti nan istwa sa yo. Itilize sa kòm yon baz pou devlope sans kominote, anpati, ak konpreyansyon sou sa moun bay valè nan kominote yo.</p>	<p>Etap 5: Dekouvri Rezilyans Sosyal Etap 8/9: Kòm pati nan yon Pwojè Semans  Sibvansyon Aksyon Alavni</p>
<p><b>Panèl kominotè</b> - Òganize yon panèl ki fòme ak ekspè kominotè (manm kominote k ap pale sou baz eksperyans yo viv) pou diskite sou yon pwojè oswa yon sijè ki gen rapò ak rezilyans kominotè. Enkli sesyon an ti gwoup pou swivi diskisyon ak patisipan yo. Bay manm panèl yo ak patisipan yo enfòmasyon detaye sou pwojè a ansanm ak tan pou yo konprann epi diskite sou rekòmandasyon yo pwopoze yo. Pèmèt patisipan yo bay fidbak, swa alekri oswa oralman, dirèkteman bay sila ki responsab pou pran desizyon yo.</p>	<p>Etap 5: Dekouvri Rezilyans Sosyal Etap 6: Revize Priyorite Rezistans Etap 7: Chwazi yon Pwojè Semans Etap 8/9: Kòm pati nan yon Pwojè Semans Sibvansyon Aksyon Alavni</p>
<p><b>Atelye kominotè</b> - Rasanble manm kominote yo pou travay ansanm sou yon objektif komen. Konsidere yon estrikti atelye ki pa yerachik. Idantifye manm kominote ki ka ede nan konsepsyon ak fasilite atelye a. Bay patisipan yo enfòmasyon detaye sou pwojè a, opòtinite, oswa defi a, ansanm ak tan pou yo konprann epi diskite sou rekòmandasyon yo pwopoze yo. Pèmèt patisipan yo bay fidbak, swa alekri oswa oralman, dirèkteman bay sila ki responsab pou pran desizyon yo.</p>	<p>Etap 5: Dekouvri Rezilyans Sosyal Etap 6: Revize Priyorite Rezistans Etap 7: Chwazi yon Pwojè Semans Etap 8/9: Kòm pati nan yon Pwojè Semans Sibvansyon Aksyon Alavni</p>

**Ekspozisyon Grafik / piblikasyon ou ka tande yo** - Mete an plas yon aktivite amizan, famiyal nan yon espas piblik ki pataje enfòmasyon sou yon sijè espesifik oswa yon pwojè, kreye konvèsasyon, epi ranmase lide ak kesyon manm kominote yo. Konsidere aktivite atizanal oswa jwèt ki fè moun pale oswa imajine sa yo ta renmen wè pou avni kominote yo. Asire ke konsepsyon ak aktivite ekspozisyon grafik yo aliyen ak priyorite epi bezwen lokal yo, epi yo pa enpoze sou kominote a.

Etap 5: Dekouvri  
Rezilyans Sosyal  
Etap 6: Revize  
Pryorite Rezistans  
Etap 7: Chwazi yon  
Pwojè Semans  
Etap 8/9: Kòm pati nan  
yon Pwojè Semans  
Sibvansyon Aksyon  
Alavni  
Sansibilizasyon

**Gwoup konsantrasyon** - Òganize yon diskisyon gwoup ak 4-12 moun ki santre sou eksplorasyon yon sijè espesifik. Konsidere diferan apwòch ak aktivite (tankou kesyon ouvè, klasman an gwoup, videyo, desen, kat lide) pou travay sou ide patikilye yo. Gwoup konsantrasyon yo pi efikas lè gen yon moderatè kalifye ki ka fè patisipan yo santi yo alèz pou patisipe epi ki ka adapte ak jere dinamik divès gwoup.

Etap 5: Dekouvri  
Rezilyans Sosyal  
Etap 6: Revize  
Pryorite Rezistans  
Etap 7: Chwazi yon  
Pwojè Semans  
Etap 8/9: Kòm pati nan  
yon Pwojè Semans  
Sibvansyon Aksyon Alavni

**Entèvyou kominotè yo** - Rankontre ak manm kominote yo an pèsòn, pa telefòn, oswa atravè apèl videyo pou poze kesyon sou eksperyans yo sou yon sijè espesifik. Konsidere fè entèvyou an gwoup ak moun ki gen eksperyans ki sanble oswa ki konplete youn lòt. Avèk pèmasyon ki apwopriye, ou ka rasanble entèvyou yo nan yon videyo pou plis sansibilizasyon, tankou pwojè videyo entèvyou ant jenerasyon [intergenerational interview video project](#) ki te devlope atravè yon pwojè MVP nan Pelham.

Etap 5: Dekouvri  
Rezilyans Sosyal  
Etap 6: Revize  
Pryorite Rezistans  
Etap 7: Chwazi yon  
Pwojè Semans  
Etap 8/9: Kòm pati nan  
yon Pwojè Semans  
Sibvansyon Aksyon Alavni

**Patisipe nan evènman kominotè ki deja egziste** - Rejwenn yon evènman oswa reyinyon ki fèt regilyèman nan yon òganizasyon kominotè, klèb, gwoup kominotè, asosyasyon katye, oswa lòt kote moun deja konn rasanble pou koute epi aprann sou inisyativ oswa opinyon kominotè yo. Pale davans ak lidè gwoup sa yo pou wè si li apwopriye pou patisipe, prezante, oswa fasilite yon diskisyon sou yon pwojè oswa pwosesis. Respekte epi bay priyorite a lidè ak manm gwoup la sou fason pou apwoche pwosesis la.

Etap 5: Dekouvri  
Rezilyans Sosyal  
Etap 6: Revize  
Pryorite Rezistans  
Etap 7: Chwazi yon  
Pwojè Semans  
Etap 8/9: Kòm pati nan  
yon Pwojè Semans  
Sibvansyon Aksyon  
Alavni  
Sansibilizasyon

**Sondaj** - Distribye yon sondaj pou ranmase opinyon, fidbak, oswa lide nan men manm kominote yo. Pou ogmante aksè, itilize plizyè fòm (tankou dijital, papyè, ak oral) epi ofri sondaj la nan plizyè lang.

Konsidere kreye fason pou fè swivi ak patisipan yo pou

Etap 5: Dekouvri  
Rezilyans Sosyal  
Etap 6: Revize  
Pryorite Rezistans  
Etap 7: Chwazi yon  
Pwojè Semans  
Etap 8/9: Kòm pati nan  
yon Pwojè Semans  
Sibvansyon Aksyon Alavni

pataje rezilta sondaj la oswa montre kijan fidbak yo te enfliyanse pwosesis la oswa desizyon pwojè yo.

**Schema pou Afiche Done** - Enprime done sou gwo afich epi mete yo alantou yon sal. Envite patisipan yo deplase de estasyon an estasyon, pou li enfòmasyon yo, epi kite fidbak sou afich yo. Nan yon anviwònman vityèl, “data walks” ka fèt lè w divize patisipan yo an ti gwoup sou platfòm reyinyon vityèl yo epi yon fasilite pataje afich la ak patisipan yo sou ekran yo. Itilize evènman an kòm yon opòtinite pou pataje enfòmasyon, ranmase fidbak sou premye rezilta yo, idantifye vid ki genyen nan done yo, epi valide rezilta yo selon eksperyans moun ap viv.

Etap 5: Dekouvri  
Rezilyans Sosyal  
Etap 8/9: Kòm pati nan  
yon Pwojè Semans  
Sibvansyon Aksyon Alavni

**Katografi patisipatif** - Travay ak manm kominote yo pou entegre konesans lokal yo nan kat pou idantifye pwoblèm ak opòtinite yo. Ou ka itilize tèks, odyo, videyo, ak imaj pou entegre konesans lokal la. Estriktire konvèsasyon an sou kat dijital, papye, oswa 3D, chak gen pwòp avantaj ak dezavantaj yo; konsidere sa ki ta pi apwopriye pou odyans ou a.

Etap 5: Dekouvri  
Rezilyans Sosyal  
Etap 8/9: Kòm pati nan  
yon Pwojè Semans  
Sibvansyon Aksyon Alavni

**Evalyasyon katye patisipatif** - Kolabore ak òganizasyon kominotè ak kowalisyon pou fè yon evalyasyon katye patisipatif. Travay ak manm kominote yo pou devlope teknik evalyasyon tankou sondaj ak entèvyou enfòmatif pou idantifye epi rezoud pwoblèm nan katye a. Konsidere patenarya ak gwoup ki gen eksperyans nan evalyasyon fòmèl (tankou yon konsèy lokal oswa depatman sante piblik) pou manm kominote yo ka devlope kapasite ak konpetans pou fè pwòp evalyasyon yo alavni.

Etap 5: Dekouvri  
Rezilyans Sosyal  
Etap 8/9: Kòm pati nan  
yon Pwojè Semans  
Sibvansyon Aksyon Alavni

**Modèl Lyezon Kominotè** - Anplwaye lidè kominotè ki soti nan ak/oswa ki gen bon relasyon ak popilasyon Jistis Anviwònmantral oswa lòt gwoup priyorite yo pou dirije sansibilizasyon nan kominote a epi aji kòm entèmedyè ant kominote a ak minisipalite a nan idantifye ak defann bezwen kominotè yo. Asire w ke w konpanse Lyezon Kominotè yo pou tan ak ekspètiz yo, epi bay fòmasyon sou sijè ki sipòte sansibilizasyon yo ak wòl yo kòm entèmedyè.

Sibvansyon Aksyon  
Alavni  
Sansibilizasyon

**Travay Fotografik**- Bay patisipan yo yon sijè epi mande yo pran foto ki reponn a sijè sa a. Fè moun yo reflechi sou foto yo an gwoup pou bay plis kontèks sou ide yo. Konsidere aksè a teknoloji kòm yon baryè potansyèl pou patisipasyon;

Etap 8/9: Kòm pati nan  
yon Pwojè Semans  
Sibvansyon Aksyon Alavni

itilize kamera ki disponib ka yon opsyon si angajman an ka dire plizyè jou.

**Vizit sit oswa pwomennen a pye** - Planifye yon toune nan yon lokal oswa yon seri lokal epi entegre opòtinite pou edikasyon, pataj konesans, ak rezo ant manm kominote yo. Konsidere odyans ou a ak kapasite yo pou deplase oswa rete kanpe pandan yon peryòd ki long; ofri opsyon angajman altènatif (egzanp: toune ak bis) pou aksè fasil.

Etap 8/9: Kòm pati nan yon Pwojè Semans  
Sibvansyon Aksyon Alavni

**Demontrasyon ak fòmasyon** - Idantifye yon konpetans ki ta gen valè pou yon gwoup moun nan kominote a epi ki sipòte rezistans kominotè. Sa ka enkli konpetans tankou jadinaj nan resipyan, bati fenèt izolan pou diminye frè echofaj, oswa fòmasyon Ekip Premye Entèvenan Kominotè nan ka Ijans (CERT). Òganize yon evènman pou bay yon demonstrasyon oswa fòmasyon sou konpetans sa a. Sèvi ak resous ki deja egziste (tankou plan leson, kit, fòmasyon òganizasyon ki san bi likratif ofri). Ofri fòmasyon nan divès fòma ak nan diferan lè; konsidere bay sèvis swen/gadri pou timoun oswa yon fòmasyon ki adapte pou timoun.

Etap 8/9: Kòm pati nan yon Pwojè Semans  
Sibvansyon Aksyon Alavni

**Entegrasyon nan kourikoulòm lekòl** - Kolabore ak lekòl, pwofesè, ak pwogram aprè lekòl pou konsepsyon kourikoulòm oswa vizit gide pou elèv yo aprann sou sijè patikilye nan rezilyans klimatik. Mete opòtinite pou sèvis kominotè. Konsidere depans oswa transpò kòm faktè ki ka limite kèk elèv; idantifye estrateji pou konbat limitasyon sa yo.

Etap 8/9: Kòm pati nan yon Pwojè Semans  
Sibvansyon Aksyon Alavni

**Vann plant** - Patenarya ak pepinyè lokal, serè, ak fèm pou òganize yon vant plant kominotè. Mete aksan sou plant ki rezilyan ak polinatè ki apwopriye ak zòn pou plante nan kominote w la nan vant lan. Prezante tou de plant ki komestib ak plant ki pa komestib. Konsidere fason pou itilize evènman an pou fè konvèsasyon ak manm kominote yo, bati koneksyon, epi ranmase opinyon sou bezwen, priyorite, oswa lide pwojè yo.

Etap 8/9: Kòm pati nan yon Pwojè Semans  
Sibvansyon Aksyon Alavni

**Netwayaj lokal yo epi plante** - Rasanble manm kominote yo ak òganizasyon pou òganize yon evènman netwayaj nan lokal oswa/epi plante. Yon netwayaj lokal ka enkli ranmase fatra ak fè kèk travay jaden senp, tankou rale fèy. Konsidere plante espès ki rezilyan ak klima nan sit w ap netwaye a, si sa apwopriye. Ajoute vejetasyon ka ede refwadi zile chalè yo, jere dlo lapli, epi pirifye lè a. Konsidere fason pou itilize evènman an pou prezante sou sijè espesifik epi fè konvèsasyon ak manm kominote yo pou bati relasyon epi ranmase opinyon yo sou bezwen,

Etap 8/9: Kòm pati nan yon Pwojè Semans  
Sibvansyon Aksyon Alavni

priyorite, oswa lide pwojè yo.

**Evènman sèvis kominotè** - Òganize evènman sèvis kominotè ak manm kominote yo epi òganizasyon yo. Konsidere ki pwoblèm espesifik manm kominote w yo ka bezwen èd pou adrese, ki kapab tou ogmante kapasite epi kreye patenarya. Sa ka enkli òganize yon konbit manje pou bank manje lokal la oswa kreye yon pwogram pou ede vwazen pele nèj.

Etap 8/9: Kòm pati nan yon Pwojè Semans  
Sibvansyon Aksyon Alavni

**Enstalasyon atizay piblik ki tanporè** - Angaje atis lokal yo pou kreye enstalasyon atizay piblik tanporè. Sa ka fèt nan yon espas kominotè, tankou yon bibliyotèk, oswa nan yon pak kominotè, espesyalman si atizay la entèaktif. Enstalasyon atizay piblik ka enkli tou miray tanporè oswa penti lari.

Etap 8/9: Kòm pati nan yon Pwojè Semans  
Sibvansyon Aksyon Alavni

**Atizay pou jèn**- Met aksan sou jèn atis nan kominote w la. Sa ka fèt atravè enstalasyon atizay piblik tanporè, yon konkou atizay ak yon tèm kominotè espesifik, oswa atravè penti oswa dekorasyon espas piblik ki apwouve. Kolabore ak lekòl ak pwogram aprè lekòl pou konekte ak atis ki ka entèrese.

Etap 8/9: Kòm pati nan yon Pwojè Semans  
Sibvansyon Aksyon Alavni

**Festival ak selebrasyon kominotè** - Òganize yon festival oswa selebrasyon kominotè. Sa ka pran plizyè fòm, tankou yon fèt blòk, yon fwa agrikòl, yon fwa atizana oswa atizay, oswa yon selebrasyon anyèl nan tout vil la. Patenarya ak vandè lokal ak restoran pou ofri aktivite ak manje pou patisipan yo.

Etap 8/9: Kòm pati nan yon Pwojè Semans  
Sibvansyon Aksyon Alavni

## Aktivite Pwomosyon (Fè moun konnen)

**Mèl lapòs dirèk yo** - Voye lèt nan mèl dirèk bay tout rezidans ak biznis nan vil la oswa komin lan (oswa katye espesifik) ak enfòmasyon sou pwojè a, fason pou bay fidbak, oswa fason pou enplike.

Sansibilizasyon

**Gwoup kominotè ak òganizasyon ki san bi likratif** - Kolabore ak gwoup lokal ak òganizasyon kominotè ki ka pataje enfòmasyon atravè rezo yo.

Sansibilizasyon

**Afichaj edikatif** - Kreye siy sou sit pwojè a ki pataje enfòmasyon sou pwojè a, benefis rezilyans klimatik, ak fason pou patisipe.

Sansibilizasyon

<p><b>Pòt-a-Pòt</b> - Distribye enfòmasyon (fèy enfòmasyon / flayè / sondaj) ak rezidans epi biznis ki nan 500 pye soti nan lokal pwojè a; enkli yon kòd QR pou plis enfòmasyon.</p>	<p>Sansibilizasyon</p>
<p><b>Afich yo</b> - Met afich nan biznis lokal, sant kominotè, oswa lòt kote piblik; enkli yon kòd QR pou plis enfòmasyon.</p>	<p>Sansibilizasyon</p>
<p><b>Medya lokal yo</b> - Kreye yon piblisite oswa avi pou journal lokal oswa estasyon radyo lokal.</p>	<p>Sansibilizasyon</p>
<p><b>Medya sosyal</b> – Pibliye evènman, enfòmasyon ak lyen pou sondaj ak vòt atravè medya sosyal yo.</p>	<p>Sansibilizasyon</p>
<p><b>Pòdkas</b> - Kreye oswa patisipe nan yon podcast pou pataje kontèks sou pwojè a, efò rezilyans klimatik, ak objektif rezilyans kominotè.</p>	<p>Sansibilizasyon</p>
<p><b>Rezo kominotè ak lòt rezo kominikasyon lokal yo</b> - Kolabore ak lidè kominotè ak òganizasyon kominotè (CBO) pou distribye afich dijital atravè gwoup Facebook katye yo, gwoup WhatsApp, ak lòt rezo kominikasyon yo.</p>	<p>Sansibilizasyon</p>
<p><b>Pwojè sit entènèt</b> - Kreye yon sit entènèt ki òganize enfòmasyon sou pwojè a ak mizajou, enskripsyon oswa anrejistreman reyinyon ak evènman ki gen rapò, sondaj, ak lòt opòtinite pou ranmase fidbak.</p>	<p>Sansibilizasyon</p>
<p><b>Pwojè liy telefòn / Lè ouvè pou vizit</b> - Mete an plas yon nimewo Google Voice epi mete li sou tout materyèl pwojè yo pou manm kominote a ka rele epi bay kòmantè yo oralman. Mete tou lè ouvè kote manm kominote yo ka vin pale dirèkteman ak moun k ap pran desizyon yo.</p>	<p>Sansibilizasyon</p>
<p><b>Rezo telefòn</b> - Mete an plas yon rezo telefòn kote kèk moun kle ka rele lòt moun oswa gwoup moun nan kominote a pa telefòn. Moun sa yo ka rele plis moun nan rezo yo. Pataje yon nimewo telefòn pou manm kominote yo ka rele pou tande mizajou sou pwojè a epi soumèt kòmantè.</p>	<p>Sansibilizasyon</p>
<p><b>Mete Lèt nan Valiz Lekòl yo</b> - Kolabore ak sistèm lekòl lokal la pou voye yon "lèt yo nan valiz lekòl yo" bay elèv ak fanmi yo.</p>	<p>Sansibilizasyon</p>